

KONDISYON ESTANDA PWOJÈ PWOPOZISYON ANPLWAYE YO

I. ENTWODIKSYON

Pwojè Pwopozisyon sa a dekri kategori yo pwopoze pou kondisyon estanda yo enkli avèk apwobasyon Siting Board (Komisyon Otorizasyon Konstriksyon) Enstalasyon Enèjetik yo ("Siting Board la" oswa "EFSB") pou enstalasyon enfrastrikti enèjetik pwòp dapre egzijans "Yon Lwa ki ankouraje yon rezo enèji pwòp, ki fè pwogrese ekite ak pwoteje kontribyab yo" ("Lwa 2024 sou Klima a" oswa "Lwa"). Lwa 2024 sou Klima a bay Siting Board la responsablite pou bay yon pèmi konsolide ki anglobe tout pèmi leta, rejyonal ak lokal yon enstalasyon enfrastrikti enèji pwòp ta otreman oblije jwenn pou kòmanse konstriksyon ak operasyon.

Lwa 2024 sou Klima a egzije pou Siting Board la etabli kondisyon ak egzijans pou pèmi, atravè règleman, pou diferan¹ tip ak gwosè enstalasyon enfrastrikti enèji pwòp *nan ka apwobasyon konstriktif*.² [Lwa 2014 sou Klima a, Seksyon 74](#). Apwobasyon konstriktif vle di yon pwojè otomatikman jwenn yon pèmi konsolide paske Siting Board la pa te reyisi pran yon desizyon anvan dat limit legal li yo (*sa vle di*, 12 ak 15 mwa). Lwa 2024 sou Klima a egzije klèman, pou apwobasyon konstriktif, Siting Board la bay yon pèmi ki gen ladan "kondisyon komen sa yo." [Lwa 2024 sou Klima a, Section 74](#).

Pandan dewoulman yon pwosedi Siting Board la, ajans otorizasyon leta, rejyonal ak lokal ki konsène yo pral soumèt kondisyon pèmi ki rekòmande yo. Apre yo remèt pèmi an, chak ajans otorizasyon leta, rejyonal ak lokal pral aplike pòsyon konsène (tankou kondisyon) pèmi konsolide EFSB ki koresponn ak otorite pèmi an ki otreman administre pa ajans sa yo. [Lwa 2024 sou Klima a, Section 74](#).

Anplwaye Siting Board la te prepare pwojè pwopozisyon sa a pou rekeyi opinyon entèvenan kle yo sou sijè kondisyon estanda yo pou prepare pwopozisyon règleman yo. Pwojè Pwopozisyon an rekòmande twa kategori kondisyon estanda: (1) kondisyon inivèsèl ki aplikab pou tout desizyon ak apwobasyon konstriktif; (2) kondisyon adisyonèl ki aplikab pou apwobasyon konstriktif; ak (3) kondisyon adisyonèl ki aplikab pou teknoloji patikilye.

II. KONTÈKS POU PWOJÈ PWOPOZISYON AN

Kounye a, Siting Board la pran desizyon ki apwouve, apwouve avèk kondisyon, oswa refize pwopozisyon enstalasyon enèjetik a gran echèl yo. An pratik, tout desizyon final Siting Board la ki apwouve yon enstalasyon sijè a kondisyon ki prepare pa Siting Board la an repons

¹ Gwo enstalasyon enfrastrikti enèji pwòp ak ti enstalasyon enfrastrikti enèji pwòp yo defini nan Lwa 2024 sou klima a epi yo mityèlman eksklizif. [Lwa 2024 sou Klima a, Seksyon 57-58](#).

² Depatman Resous Enèjetik la ("DOER") responsab pou etabli kondisyon estanda pou ti enstalasyon enfrastrikti enèji pwòp nan ka apwobasyon konstriktif. Lwa 2024 sou Klima a, Seksyon 17, 19, 23.

a pwoblèm ki souleve pandan pwosedi a. Pou satisfè manda legal aktyèl Siting Board la (pou asire yon apwovizyonman fyab an enèji, avèk yon minimòm enpak anviwònmantral, nan pri ki pi ba posib) ak manda legal revize a dapre Lwa 2024 sou Klima a, desizyon final Siting Board la jeneralman egzijje respè divès kondisyon. G.L. c. 164, § 69H. Lwa 2024 sou Klima a elaji manda legal Siting Board la epi ajoute faktè adisyonèl pou konsiderasyon.³ Kondisyon apwobasyon EFSB enpoze yo souvan gen ladan egzijans pou pwomotè pwojè a:

- Anplwaye yon pwosesis, ekipman, oswa operasyon ki konfòm ak tout lwa ki konsène yo ak angajman pwomotè yo;
- Fè tès konfimasyon pou enpak anviwònmantral espesifik, epi reyalize epi kenbe konfòmite;
- Travay avèk moun ki gen enterè yo yo nan kominote a (egzanp, responsab minisipal yo) pou etabli ak fè plan kominikasyon adekwa; epi
- Konsidere kondisyon sit yo alavni (egzanp, ogmantasyon nivo lanmè a) epi bay Siting Board la dènve enfòmasyon yo alekri, jan sa endike a.

Siting Board la bay tou Sètifika Enpak Anviwònmantral ak Enterè Piblik ("Sètifika"), ki se pèmi konsolide pou enstalasyon enèjetik yo. Nan yon Sètifika, Siting Board la souvan mete kondisyon pèmi ki rekòmande pa ajans otorizasyon yo ki ta otremman bay yon pèmi, an absans Sètifika a.⁴ Revizyon enstalasyon enèjetik yo Siting Board la gen ladan tou revizyon tout dokiman ki gen rapò ak Lwa sou Politik Anviwònman Massachusetts ("MEPA"), ki jeneralman gen ladan pwopozisyon "⁵ Alèjman ak Pwojè Konklizyon Seksyon 61 an" Sekretè a rekòmande

³ Lwa 2024 sou Klima a modifiye manda Siting Board la pou enkli faktè adisyonèl pou revize ak ekilibre. Espesyalman, Siting Board la ta dwe konsidere si enstalasyon enèjetik la pral: "(i) bay yon apwovizyonman enèji **serye, rezilyan** ak pwòp ki konfòm ak politik ak egzijans chanjman klimatik yo ak rediksyon gaz a efè tèmik Commonwealth la; (ii) asire gwo enstalasyon enfrastrikti enèji pwòp yo, ti enstalasyon enfrastrikti enèji pwòp yo, enstalasyon ak enstalasyon petwolye yo **evite oswa minimize, oswa, si enpak yo pa ka evite oswa minimize, diminye enpak anviwònmantral ak enpak negatif sou lasante** nan limit ki pratik; (iii) asire gwo enstalasyon enfrastrikti enèji pwòp yo, ti enstalasyon enfrastrikti enèji pwòp yo, enstalasyon yo **ak enstalasyon petwolye yo, nan limit ki pratik, konfòme yo avèk politik commonwealth la, sibdivizyon li yo ak minisipalite li yo nan zafè enèji, anviwònman, itilizasyon tè, travay, jistis ekonomik, jistis anviwònmantral ak sante piblik ak sekirite** epi (iv) asire gwo enstalasyon enfrastrikti enèji pwòp yo, ti enstalasyon enfrastrikti enèji pwòp yo, enstalasyon yo ak enstalasyon petwolye yo **konstwi nan yon fason ki minimize depans yo.**" Lwa 2024 sou Klima a, Seksyon 60 (gen anfas ki ajoute).

⁴ Diferans prensipal ant yon pwosesis Sètifika ak pèmi konsolide ki etabli pa Lwa 2024 sou Klima a se ke Sètifika a disponib sèlman pou yon pwomotè pwojè ki te deja resevwa apwobasyon yon demann pou konstwi nan men Siting Board la pou menm pwojè a, tandiske nouvo pwosesis la ta bay yon pèmi konsolide nan yon sèl pwosedi.

pou enkli nan pèmi ajans leta. Siting Board la konsidere, epi souvan itilize, pwopozisyon mezi alèjman sa yo nan kondisyon ki enkli nan desizyon li yo.

Pou idantifye kondisyon estanda posib yo, anplwaye Siting Board la fè yon revizyon konplè dènye desizyon final Siting Board la ak dokiman MEPA ki koresponn yo. Anplwaye Siting Board la ap kolabore tou avèk ajans otorizasyon yo ak Biwo MEPA a pou jwenn kondisyon estanda ki ta ka aplike nan pòsyon pèmi konsolide yo nan lavni ki konsène pwogram ak pèmi yo. Anplwaye Siting Board la te revize tou estanda pèfòmans enpòtan kèk ajans, tankou estanda konstriksyon pou enstalasyon solè ki kalifye nan kad pwogram SMART la. 225 CMR 20.05(5)(e).

Jan sa endike pi wo a, Lwa 2024 sou Klima a mande pou DOER etabli kondisyon estanda pou pèmi konsolide lokal pou ti enstalasyon enfrastrikti enèji pwòp. Se poutèt sa, Siting Board la espere kowòdone de prè avèk DOER pou asire gen koyerans apwopriye ant egzijans ki prepare pa tou de ajans yo. Kondisyon estanda yo pwopoze yo ta dwe gen ladan kondisyon ki:

- Aplike yon estanda minimòm inifòm pou tout enstalasyon enfrastrikti enèji pwòp yo pwopoze⁶ pandan faz apre desizyon yon pwosedi Siting Board la, ki ta dwe apiye sou rekòmmandasyon ajans leta ak lokal yo bay Siting Board la;
- Asire ke nan ka apwobasyon konstrikatif, yon enstalasyon enfrastrikti enèji pwòp ta toujou satisfè manda legal Siting Board la;
- Adrese enpak espesifik sou teknoloji a ak mezi minimizasyon ak alèjman apwopriye;
- Fasilman aplike pa lòt ajans otorizasyon leta, rejyonal ak lokal yo yon fwa yo pran yon desizyon final oswa yo deklannche yon apwobasyon konstrikatif; epi
- Fasil a konprann pou pwomotè pwojè yo ak siksesè yo, ki pral responsab pou konfòme yo avèk kondisyon sa yo.

⁵ Lwa eta a egzije ajans yo evalye pwojè epi konstate tout mezi posib yo te pran pou evite oswa minimize enpak sa yo, pandan y ap konsidere enpak chanjman klimatik, tankou emisyon gaz a efè tèmik adisyonèl, ak efè, tankou ogmantasyon ki prevwa pou nivo lanmè a. G.L. c. 30, § 61.

⁶ Siting Board la note anpil kondisyon estanda yo ka enpoze tou nan desizyon pou enstalasyon enfrastrikti enèji ki pa pwòp (egzanp, enstalasyon konbistib fosil), byenke ke Lwa 2024 sou Klima a pa egzije sa.

III. PI GWO KONPOZAN PWOJÈ PWOPOZISYON SA A

Pou satisfè objektif Siting Board la deklare pi wo a, Siting Board la pwopoze pou prepare twa kategori kondisyon estanda diferan nivo espesifite:⁷

- **Kondisyon Estanda Inivèsèl Nivo 1:** Kondisyon Estanda ki ta aplike pou tout pèmi konsolide, tankou sa yo ki konsolide pa apwobasyon konstriktif.⁸ Kontribisyon lòt ajans otorizasyon yo bay yo pral ede asire kondisyon ki nesèsè pou respè responsablite ajans sa yo nan zafè pwogram ak pèmi enkli nan règleman ak direktiv EFSB yo. Ajans sa yo gen opòtinite tou pou bay lòt kondisyon pèmi rekòmande ki espesifik pou pwojè a pandan faz pwobatawa pwosedi EFSB yo.
- **Kondisyon Apwobasyon Konstriktif Nivo 2:** Kondisyon adisyonèl ki ta aplike sèlman nan ka yon otorizasyon konsolide EFSB pa apwobasyon konstriktif. Pèmi Konsolide pa apwobasyon konstriktif la ta gen ladan alafwa Kondisyon Pèmi Konstriksyon ak Kondisyon Estanda Inivèsèl yo. Kontribisyon lòt ajans otorizasyon yo bay yo pral ede asire kondisyon ki nesèsè pou respè responsablite ajans sa yo nan zafè pwogram ak pèmi enkli nan règleman ak direktiv EFSB yo.
- **Nivo 3 Kondisyon Espesifik pou Teknoloji:** Kondisyon estanda espesifik pou teknoloji, kote sa aplikab.

Siting Board la espere kondisyon estanda yo ta kontinye rafine avèk tan an epi reflete nan mizajou nan règleman ak direktiv yo.

IV. DETAY ELEMAN KLE PWOJÈ PWOPOZISYON AN

A. Nivo 1 – Kondisyon Estanda Inivèsèl

Kondisyon Estanda Inivèsèl yo ta aplike pou tout enstalasyon enèji yo. Kondisyon sa yo preskri yon atant minimòm Siting Board la, ak lòt ajans otorizasyon, pou moun ki pwomotè pwojè a oswa siksesè li yo. Sa ki anba la yo se egzanp, men se pa yon lis konplè, kondisyon sa yo:

Nivo 1 – Kondisyon Estanda Inivèsèl	
Sijè	Tèm
Kòmansman Pwojè Chanjman Pwojè	<p>Paske pwoblèm ki adrese nan Desizyon sa a konsènan Pwojè a ka chanje avèk tan an, konstriksyon Pwojè yo pwopoze a dwe kòmanse nan lespas twa ane apati dat Desizyon an.</p> <p>Anplis de sa, Siting Board la note rezilta yo nan desizyon sa a baze sou dosye a nan ka sa a. Yon pwomotè pwojè gen yon obligasyon absoli pou konstwi ak eksplwate enstalasyon li a an konfòmite avèk tout aspè nan Pwojè li a jan yo</p>

⁷ Siting Board la note lòt ajans yo pral gen opòtinite pou yo depoze Deklarasyon espesifik pou pwojè a-sou Kondisyon Pèmi Rekòmande yo. Lwa 2024 sou Klima a, Section 74.

⁸ Desizyon aktyèl Siting Board la deja gen ladan anpil kondisyon konsa, tankou egzijans pou plan sansibilizasyon kominotè pou aktivite ki gen rapò ak dire konstriksyon an. [Gade, pa egzanp, Greater Cambridge Energy Program, EFSB 22-03/D.P.U. 22-21, at 224, Condition G.](#)

Nivo 1 – Kondisyon Estanda Inivèsèl	
Sijè	Tèm
	<p>prezante li bay Siting Board la. Se poutèt sa, Siting Board la mande pou Konpayi an, ak siksesè li yo ki enterese, enfòm Siting Board la sou nenpòt chanjman ki pa varyasyon minè nan pwopozisyon an pou Siting Board la ka decide si li ta dwe ranseye l plis sou yon pwoblèm patikilye. Konpayi a ak siksesè li yo ki enterese oblije bay Siting Board la ase enfòmasyon sou chanjman nan Pwojè yo pwopoze a pou pèmèt Siting Board la pran desizyon sa yo.</p>
Konfòmite avèk Règleman yo.	<p>Siting Board la mande Konpayi an pou konfòm li avèk tout lwa, règleman, ak òdonans federal, leta, ak lokal aplikab yo ki bay Konpayi an yon egzanpsyon. Konpayi an dwe responsab pou asire konfòmite sa a pa kontraktè li yo, soukontraktè li yo, oswa lòt ajan yo.</p>
Konfòmite avèk Tout Kondisyon yo	<p>Konpayi an ak siksesè li yo ki enterese dwe respekte tout kondisyon ki nan desizyon sa a. Anplis de sa, Siting Board la mande Konpayi an, nan 90 jou apre li fin egzekite Pwojè a, pou soumèt bay Siting Board la yon rapò ki dokimante konfòmite ak tout kondisyon ki nan desizyon sa a, pandan l ap note tout kondisyon ki rete pou satisfè yo ak dat ak estati konfòmite yo espere a.</p>
Estimasyon Depans Aktyalize / Sètifye	<p>Konpayi an dwe soumèt bay Siting Board la, anvan kòmansman konstriksyon an, yon estimasyon depans aktyalize ak sètifye pou Pwojè a. Konpayi an dwe enfòm Siting Board la san pèdi tan sou ogmantasyon siyifikatif depans Pwojè a ki depase maj ki mansyone nan desizyon sa a dapre obligasyon Konpayi a pou enfòm Siting Board la sou tout chanjman ki pa varyasyon minè nan pwopozisyon an.</p>
Konfòmite avèk Règleman Veyikil Dyezèl	<p>Siting Board la mande Konpayi an pou asire l tout ekipman konstriksyon ki pa sou wout ki mache ak dyezèl e ki gen yon puisans ki depase oswa ki egal a 50 chevo, epi ki dwe itilize pandan 30 jou oswa plis pandan konstriksyon Pwojè a, sètifye konfòm a estanda emisyon Nivo US EPA ki pi resan yo oswa gen aparèy kontwòl emisyon US EPA verifye (oswa ekivalan), tankou katalizè oksidasyon, filtè patikil, oswa lòt teknoloji konparab ki (nan mezi yo disponib komèsyalman) enstale sou sistèm echapman motè a konbisyon dyezèl la.</p>
Konvèsyon an Veyikil Elektrik	<p>Siting Board la mande Konpayi an pou konsidere opòtinite potansyèl pou itilize, oswa konvèsyon an, machin elektrik ak ekipman elektrik pou aktivite konstriksyon, epi pou soumèt bay Siting Board la yon rapò ki endike enklizyon veyikil elektrik Konpayi an nan delè sa yo: 30 jou anvan konstriksyon an, 180 jou apre kòmansman konstriksyon an, ak 90 jou apre konstriksyon an fini.</p>
Plan Sanzibilizasyon Kominote a	<p>Siting Board la mande Konpayi an pou aplike yon plan sanzibilizasyon kominote pou konstriksyon Pwojè a. Plan an ta dwe apiye l sou efò angajman kominote a te kòmanse pandan faz pre-depo a, epi li ta dwe detaye aksè lengwistik Konpayi an bay la. Konpayi an dwe rann plan an disponib pou kominote a pa pita pase 90 jou anvan kòmansman konstriksyon an, epi li dwe endike tout gwoup rezidan yo, biznis yo, responsab yo, ak lòt(yo) ak ki moun Konpayi an pral angaje nan sanzibilizasyon kominote a. Anplis de sa, plan an (yo) dwe presize pwosedi pou bay rezidan ki afekte yo avi alavans konsènan: (a) kòmansman pwogram, dire, ak èdtan konstriksyon yo; (b) metòd konstriksyon espesifik pou zòn patikilye yo; (c) nenpòt konstriksyon Konpayi an gen entansyon fè ki, akòz sikonstans estanda, dwe fèt andeyò èdtan ki detaye pi wo a; ak (d) tout fèm ti oswa detou lari. Anplis de sa, plan an (yo) dwe detaye metòd kominikasyon Konpayi an pral anplwaye nan efò angajman li yo.</p>
Orè Travay Konstriksyon Otorize	<p>Orè travay konstriksyon nòmal Konpayi an pa dwe kòmanse anvan 7:00 a.m. epi fini pita pase 7:00 p.m. lendi - vandredi epi pa anvan 9:00 a.m. rive 6:00 p.m. samdi. Orè travay konstriksyon nòmal pa dwe gen ladan dimanch oswa jou ferye legal, leta, oswa federal. Si Konpayi an bezwen pwolonje travay konstriksyon an depase èdtan ak jou ki endike anwo a, eksepte sikonstans ijans nan yon jou espesifik ki egzije èdtan pwolonje, Konpayi an dwe chèche pèmasyon alekri nan men otorite minisipal ki konsène a anvan kòmansman travay sa yo epi bay Siting Board la yon kopi pèmasyon sa a. Si Konpayi an ak responsab minisipal yo pa kapab dakò sou pwolonjman èdtan konstriksyon sa yo, Konpayi an ka mande</p>

Nivo 1 – Kondisyon Estanda Inivèsèl	
Sijè	Tèm
	otorizasyon alavans nan men Siting Board la epi li dwe bay minisipalite konsène a yon kopi demann sa a. Travay ki mande yon dire kontinyèl plis pase èdtan travay konstriksyon nòmal yo egzante de èdtan sa yo. Konpayi an dwe enfòme san pèdi tan Siting Board la ak [minisipalite a / minisipalite yo / lòt moun] sou tout travay ijans ki fèt andeyò lè travay konstriksyon nòmal yo.

B. Nivo 2 – Kondisyon Apwobasyon Konstriktif

Jan sa endike pi wo a, Kondisyon Apwobasyon Konstriktif yo ta aplike anplis Kondisyon Estanda Inivèsèl yo si Siting Board la pa pran yon desizyon final anvan dat limit legal li yo. Si yon apwobasyon konstriktif aplike, kondisyon Nivo 2 yo ta deklannche anplis Kondisyon Nivo 1 yo ak tout Kondisyon Nivo 3 ki gen rapò ak teknoloji patikilye ki nan kesyon an. Sa ki anba la yo se egzanzp, men se pa yon lis konplè, kondisyon sa yo:

Nivo 2 – Kondisyon Apwobasyon Konstriktif	
Sijè	Tèm
Ekskavasyon / Jete Materyèl Kontamine yo	Siting Board la mande Konpayi an pou konfòme li avèk tout lwa federal ak leta ki aplikab konsènan fouye ak jete tè kontamine yo rankontre pandan konstriksyon Pwojè a.
SF₆ Altènativ yo	Si yo pwopoze egzafliyori souf (SF ₆) pou ekipman nan enstalasyon an, pandan tout dire enstalasyon an, Konpayi an dwe mennen ankèt sou altènativ pou itilize SF ₆ nan enstalasyon an, epi, chak fwa sa posib, anplwaye altènativ sa yo. Anplis de sa, Konpayi an dwe enfòme Siting Board la si / lè yo idantifye altènativ solid.
Kim pou Etenn Dife / PFAS	Si yo itilize kim pou etenn dife nan enstalasyon an, Siting Board la mande Konpayi an asire l kim ki pa PFAS yo anplwaye nan limit pwodui sa yo disponib komèsyalman, efikas, ak konfòme yo avèk egzijans ki enpòtan nan 310 CMR 112. Anplis de sa, konpayi an dwe bay Siting Board la [nan delè] yon fèy done sekirite oswa lòt demonstrasyon ki verifye si kim nan lòt materyèl pou etenn dife ki estoke nan enstalasyon an pa gen PFAS.
Alèjman: Ranplasman Zòn Imid	Si zòn imid yo chanje nèt, Siting Board la mande Konpayi an ranplase zòn imid ki chanje nèt yo menm jan an, tou pre mas dlo ki konsène a, nan yon kantite ki omwen egal a kantite zòn imid ki chanje nèt yo, oswa jan sa presize otreman nan règleman MassDEP la.
Diminisyon Ekleraj	Siting Board la mande Konpayi an pou l itilize mezi diminisyon ekleraj (egzanp, etenn limyè lè yo pap itilize yo, detektè mouvman, gradatè, aparèy ekleraj blennde, anpoul koulè cho).
Alèjman Inondasyon ak Ogmantasyon Nivo Lanmè	Siting Board la mande chak senk ane apati dat eksplwate enstalasyon an, Konpayi an dwe egzamine pwojekasyon minisipal, leta, ak federal yo, jan sa aplikab pou ogmantasyon nivo lanmè a epi soumèt yon rapò bay Siting Board la ki analize nesese, karaktè apwopriye, ak pri pou aplike mezi alèjman inondasyon adisyonèl nan [enstalasyon an] pou pwoteje [enstalyon an] kont inondasyon. Nan preparasyon chak rapò Konpayi an dwe konsilte ajans ki gen ladan, men pa sèlman, responsab minisipal yo, Biwo Jesyon Zòn Kotyè yo, Ajans Jesyon Ijans Massachusetts, ak Depatman Pwoteksyon Anviwònman an. Siting Board la pral revize chak rapò epi detèmine si mezi alèjman inondasyon adisyonèl yo nesese ak apwopriye.
Plan Entèkansyon Ijans ("ERPs")	Siting Board la mande Konpayi an prepare yon plan repons ijans ("ERP") ki dwe: (1) prepare an konsiltasyon avèk ofisyèl sekirite piblik lokal yo; epi (2) mande kowòdinasyon sere ant Konpayi an ak premye entèkansyon yo pou asire premye entèkansyon yo konplètman enfòme sou evènman ijans yo epi konprann kijan pou adrese evènman sa yo san yo pa pran risk pèsone ki pa nesese. ERP a dwe gen ladan: (1) tip ekipman ak dispozisyon yo san yo pa mete an danje Enfòmasyon sou Enèji Enfrastrikti Enèjetik / Elektrik Esansyèl yo; (2) fèy done

Nivo 2 – Kondisyon Apwobasyon Konstriktif	
Sijè	Tèm
	sekirite pou materyèl ki itilize yo oswa ki estoke sou plas; (3) yon plan ponpye avèk sijesyon pwosedi entèvansyon pou divès sitiyoasyon ijans; ak (4) travay entèvansyon ijans ki pral antreprann ak egzekite pa operatè enstalasyon an / enstalasyon yo.

C. Nivo 3 – Kondisyon Espesyalize

Kondisyon espesyalize yo ta gen mezi alèjman espesifik pou teknoloji, ki ta otomatikman aplike nan sèten tip enstalasyon enèjetik. Men kèk egzanp kondisyon sa yo:

Nivo 3 Kondisyon Espesifik pou Teknoloji		
Sijè	Teknoloji / Senaryo	Tèm
Elektrisite pou Bato apati de Rivaj la	Teknoloji: Liy Transmisyon enèji Van nan Lanmè	Siting Board la mande Konpayi an pou: (i) itilize elektrisite rivaj-a-bato pou bato yo pandan yo kochte, chak fwa sa sa posib; (ii) evalye posibilite pou founi bato ki tou pre rivaj yo elektrisite rivaj-a-bato pou minimize oswa elimine bezwen pou motè abò pou pwodui elektrisite apati de konbistib fosil; epi (iii) soumèt rapò ki endike kapasite Konpayi an pou itilize operasyon rivaj-a-bato 30 jou anvan konstriksyon an, 180 jou apre kòmansman konstriksyon an, ak 90 jou apre konstriksyon an fini.
Tès Chan Mayetik	Teknoloji: Liy Transmisyon, Sou-Estasyon	Siting Board la mande Konpayi an pou fè tès chan mayetik [nan kote(yo)], ki dwe fèt: (i) omwen 30 jou anvan kòmansman konstriksyon an pou etabli yon liy debaz; (ii) 180 jou apre kòmansman konstriksyon an; ak (iii) 1 ane depi kòmansman eksplwatasyon enstalasyon yo. Pou chak nan twa etap enpòtan ki nan lis pi wo a, Konpayi an dwe soumèt bay Siting Board la yon rapò ki detaye: (i) rezilta tès chan mayetik la; (ii) si rezilta yo koyeran avèk mezi ki prevwa oswa antisipe sou chan mayetik la; (iii) nenpòt mezi reparasyon ki nesèsè pou korije enkoyeans yo; ak (iv) si mezi reparasyon sa yo (si sa nesèsè) jistifye.

V. DEMANN POU KÒMANTÈ

Siting Board la swete resevwa kòmantè sou tout oswa yon pati nan kontni pwojè pwopozisyon pi wo a, ak sou youn oswa tout kesyon ki anba yo:

1. [Pou ajans otorizasyon yo:⁹] Ki Kondisyon Estanda Inivèsèl (Nivo 1) ajans ou an rekòmande pou enklizyon nan pèmi konsolide Siting Board la alavni pou reflète fonksyon esansyèl ak egzijans ajans ou an?
2. [Pou ajans otorizasyon yo:] Ki Kondisyon Apwobasyon Konstriktif (Nivo 2) ajans ou an rekòmande pou enklizyon nan pèmi konsolide EFSB alavni yo pa apwobasyon konstriktif pou reflète fonksyon esansyèl ak egzijans ajans ou an?

⁹ "Ajans otorizasyon" vle di tout antite otorizasyon leta, lokal ak rejyonal yo. Siting Board la swete resevwa kòmantè tout antite sa yo sou kesyon ki endike yo.

3. [Pou ajans otorizasyon yo:] Ki, si genyen, pèmi ajans ou an ta dwe egzante de obligasyon pou enkli nan pèmi konsolide Siting Board la alavni, epi ki baz legal oswa pratik pou esklizyon sa a?
4. [Pou ajans otorizasyon yo:] Ki jan ou ta pwopoze Siting Board la konsidere Deklarasyon espesifik pwojè yon ajans pou Kondisyon Rekòmande nan ka yon apwobasyon konstriktif?
5. Èske yo ta dwe fikse kondisyon pèmi estanda yo oswa yo ta dwe bay yon seri opsyon rezonab, kote sa aplikab?